



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE KLIYAN YO KONT
FWÒD KI POSIB NAN KAT KADO PREPEYE**

***Lejislasyon (A.266A/S.145B) egzije biznis yo pou yo afiche avi ki alète kliyan yo
sou fwòd nan kat kado yo***

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (A.266A/S.145B) ki pral pwoteje kliyan yo kont anakè yo nan egzije biznis yo pou yo bay avi sou fwòd ki posib lè y ap vann kat kado. Pwojè lwa sa a montre angajman Gouvènè Hochul pran pou l pwoteje Nouyòkè yo kont yon fòm vòl ki vin pi komen.

"Pandan sezon fèt la ak pandan tout ane a, konsomatè yo merite pou yo pwoteje yo kont fwòd ki vize lajan yo touche nan travay di", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou siyen lejislasyon sa a, n ap pran mezi ki nesèsè yo pou asire Nouyòkè yo rete vijilan ak pwoteje kont tantativ malonèt pou vòlè lajan yo sou fòm kat kado".

Lejislasyon A.266A/S.145B amande lwa komèsyal jeneral la pou mande pou revandè k ap vann kat kado yo afiche tou yon avi pou avèti kliyan yo kont fwòd nan kat kado epi bay enfòmasyon sou sa pou yo fè si yo kwè yo ka viktim yon fwòd konsa.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Kantite anakè k ap ogmante ki itilize kat kado kòm yon mekanis pou vòlè konsomatè yo ap grandi san rete. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te siyen lejislasyon mwen an ki egzije biznis yo pou yo afiche avètisman nan magazen ki alète konsomatè yo sou fwòd ki posib nan kat kado. Lè w pran mezi sa yo, sa pral alète kliyan yo sou fwòd sa yo, ki bay Nouyòkè yo plis pwoteksyon epi sove potansyèl viktim yo kont fwòd finansye yo".

Manm Asanble Amy Paulin te deklare, "Kat kado yo se yon fason fasil pou anakè yo vòlè moun paske yo pa ka jwenn tras yo. Edikasyon nan alète moun yo sou egzistans pwoblèm nan se kle. Anpil moun ka pa konnen yo ap achte kat kado sou demann anakè yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te pran mezi sa a pou ede pwoteje Nouyòkè yo kont fwòd nan kat kado".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418